# МУГIАЛИМАЗУЛГИ МУГIАЛИМ

**ГIАМАЛГИ берцинай, бицунеб рагIиги ракIги гIатIидай, разияй, тIогьол кваcIи гIадай, гIаданги хирияй инсан ккола Хасавюрт шагьаралъул педагогияб колледжалъул мугIалим Расулова Написат МухIамадовна.**



ТIоцебе гьелъулгун дир лъай-хъвай ккана педколледжалде цIализе лъугьиналъул хIалбихьиялъул экзаменалда.

Дунги, дун гIадал цогидал ясалги, сородилаго кверaлгун, ралагьун чIун рукIана экзамен байбихьиялъухъ.

Заман инелдего жание лъугьун ячIана борхатаб, чергесаб лагаялъул, гьайбатаб гьумералъул гIадатайго магIарулай.

Нижергун лъай-хъвайги гьабун, байбихьана вирараб, камилаб, роцIараб, бацIцIадаб гьаракьалъ гIагараб магIарул мацIалъул диктант.

Гьелдаса нахъе дир Написат МухIамадовнаялъулгун лъикIаб гьоркьоблъи ккана.

«МичIил кьалбазда кьагIрил тIегь баларилан» буго умумузул кици.

КигIанги машгьураб кьолбодасан йижарай гIадан ккола Написат МухIамадовна.

ГIемер ватиларо ДагъистаналдA, хасго магIарул мацIалъул мугIалимзабазда гьоркьов, Написат Расулова лъаларев чи. Жиндирго рахьдал мацI лъаларев чи талихI къарав чилъун рикIкIуна гьелъ.

Гьелъул мурад буго щивав чиясе живго гIураб ракь бокьи, гьеб ракьалъе пайдаялъе щивав чи хIалтIи, вижараб ракь ясбер гIадин цIуни.

Дун гIемер хьвадула Написатихъе гьаларел, ричIчIуларел суалалгун. ГIемерал рукIуна гьел рагьараб, гIадатияб гуреб дарс кьолагоги. Дие кидаго хIалае, кумекалъе ятарай Написат МухIамадовнаялъе гьарула щулияб сахлъи, талихI, икъбал, хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби, киса-кибего битIккей, халатаб гIумру.

**Заира БАДРУДИНОВА**
**17-абилеб школалъул авар мацIалъул мугIалим**

КОНКУРС

# БАРКУЛА БЕРГЬЕНЛЪИ

**РАХЬДАЛ мацI цIуниялъул ва гьеб бечед гьабиялъул ургъалилъ восула жиндирго халкъалъул рухIияб бечелъиялъул, адабияталъул, наслабаз наслабахъе кьолаго цIунулел умумузул пайдаял гIадатазул, тарихалъул унго-унгояб къагIидаялъ ургъел гьабулев щивав чи.**



Гьединназдаса цояйлъун ккола Хасавюрт шагьаралъул 17-абилеб школалъул авар мацIалъул мугIалим Бадрудинова Заира Тажудиновна.

1993 соналъ ГIахьвахъ районалъул КIудиябросулъ 9-го классги лъугIизабун, цIализе лъугьана Хасавюрт щагьаралъул педколледжалде. 1997 соналъ бергьенлъиялда гьебги лъугIизабун, Заира тIадюссана гIагараб росдал школалде. Гьений 12 соналъ хIалтIана байбихьул классазул мугIалимлъун.

Цалахъго цIалун лъугIизабуна ДГПУялъул Дагъистаналъул филологияб факультет. 2011 соналдаса байбихьун, хIалтIулей йиго Хасавюрт шагьаралъул 17 школалда авар мацIалъул мугIалимлъун.

Гьеб къокъабго заманалда жаниб, Заира Тажудиновнаялъ жийго йихьизаюна махщел камилай, жиндирго гьабулеб ишалде рокьи бугей мугIалимлъун. Гьелъ ва гьелъул цIалдохъабаз гIахьаллъи гьабула шагьаралда тIоритIулел конкурсазда, олимпиадабазда.

Гьаб соналъул февраль моцIалъ тIобитIараб «ЛъагIалил бищун лъикIав учитель» абураб конкурсалда Заира Тажудиновна ячIана тIоцебесеб бакIалде. Гьей мустахIикълъана «2015 соналъул бищунго лъикIай рахьдал мацIалъул мугIалим» ва «Бищунго лъикIай авар мацIалъул мугIалим» абурал цIаразе. Гьелъие шагьаралъул лъай кьеялъул управлениялъул рахъалдасан кьуна хIурматалъул грамота ва тIоцебесеб даражаялъул диплом.

РакI-ракIалъго баркула Заира Тажудиновнаялда гьеб ракIчIараб бергьенлъи. Гьарула гьелъие жеги тIадегIанал бергьенлъаби.

**«НасихIат» газеталъул хIалтIухъаби**